



Avèk NYC Care, ou kapab jwenn swen sante anvan w tonbe malad

Nan Vil New York (Nouyòk), nou kwè swen sante se yon dwa imen. Kèlkeswa kote w fèt oswa kantite kòb ou genyen, ou gen dwa pou w jwenn bon kalite swen sante, ak bon pri nan vil nou an. **Ou p ap bezwen konte sou sal ijans lan pou w resevwa swen ou bezwen an.**

Avèk NYC Care, w ap genyen pwòp founisè swen sante prensipal ou epi jwenn sèvis medikal ou bezwen nan yon sant sante NYC Health + Hospitals ki nan kominate w la. Konsa tou, w ap kapab jwenn premye swen, swen Jinekoloji, swen sante mantal ak aksè nan

medikaman w ap gen bezwen 24 sou 24 / 7 jou sou 7.

Avèk NYC Care, w ap genyen posibilité pou w rete an sante lè w okipe nenpòt problèm sante byen bonè atravè relasyon w avèk founisè swen sante w la. Tout sèvis yo ap bay gratis oswa nan yon pri w ap ka peye.

**Pou w jwenn
plis enfòmasyon
epi pou w enskri, rele
1-646-NYC-CARE
1-646-692-2273**

Nou garanti pwoteksyon vi prive ak konfidansyalite. Enskripsyon nan NYC Care pa reprezante yon risk dapre règ sou 'chaj publik' la.



Pou w jwenn plis enfòmasyon
ak enskripsyón, rele

1-646-NYC-CARE

1-646-692-2273


nyccare.nyc



RETE KONEKTE. SWIV NOU.

KLE W NAN SWEN SANTE VIL LA

Dekouvri dwa w nan swen sante avèk diyite
ak respè kèlkeswa kondisyon imigrasyon
w oswa kapasite w pou w peye



Disponib
nan tout vil la
atravè pwen NYC
Health + Hospitals yo!

Vin yon manm
NYC Care jodi a!

1-646-NYC-CARE
1-646-692-2273

nyccare.nyc

Nou garanti pwoteksyon vi prive
ak konfidansyalite. Enskripsyon nan
NYC Care pa reprezante yon
risk dapre règ sou 'chaj
publik' la.

NYC
HEALTH +
HOSPITALS

NYC
CARE
Your Key
to the City's
Health Care

Konsènan NYC Care

NYC Care se yon pwogram aksè nan swen sante ki garanti sèvis gratis osinon ki pa chè pou Abitan Vil New York yo ki pa kalifye oswa ki pa ka peye aspirans sante. Dekouvri dwa w pou jwenn swen sante avèk diyite ak respè kèlkeswa kondisyon imigrasyon w oswa kapasite w pou w peye.

Avèk NYC Care, ou kapab:

- + Jwenn yon kat manm pou w gen aksè nan sèvis sante primè, swen sante preventif ak sèvis sante espesyalize nan sant sante pou pasyan NYC Health + Hospitals yo nan kominote w la.
- + Chwazi pwòp founisè swen primè w ki pral ede w evite malad epi konekte w ak lòt sèvis ou bezwen pou w rete an sante.
- + Pran premye randevou w ak founisè swen prensipal ou a nan de (2) semèn oswa mwens. Randevou yo disponib atravè sèvis telesante oswa fas-a-fas.
- + Rele Sant Apèl nou an, disponib 24 sou 24 / 7 jou sou 7, lè w bezwen èd.
- + Jwenn aksè 24 sou 24 / 7 jou sou 7 ak medikaman preskripsyon ki pa chè ak renouvèlman pandan lannwit lè sa nesesè.
- + Jwenn sipò tout yon ekip swen primè ki gen ladan l'enfimyè, pwofesyonèl sante mantal, asistan medikal, travayè sosyal, famasyen ak nitrisyonis.
- + Ofri tèt ou bon jan swen sante de kalite. Pa gen okenn frè pou w enskri oswa frè mansyèl. Pri pou w resevwa swen sante depann sou gwosè fanmi w ak revni w.

Pou w jwenn
plis enfòmasyon
epi pou w ensliri, rele
1-646-NYC-CARE
1-646-692-2273

Nou garanti pwoteksyon vi prive ak konfidansyalite. Enskripsyón nan NYC Care pa reprezante yon risk daprè règ sou 'chaj publik' la.

Sèvis Manm Ou yo

Swen Prensipal ak Prevansyon

- + Chwazi pwòp founisè swen prensipal ou ki pral trete pwoblèm medikal woutin yo, tankou brili lestomak ak endijesyon, gòj fè mal ak lafyèv, epi ede w jere maladi kwonik yo tankou dyabèt (sik) ak tansyon.
- + Jwenn vaksinasyon ak tès depistaj, tankou vaksen kont lagrip, mamogram ak yon kolonoskopi.

Swen Espesyalize

Founisè swen primè w la pral travay kòt a kòt avèk espesyalis yo epi l ap ede refere w nan sèvis ou bezwen yo ki gen ladan l:

- + Kadyoloji
- + Swen Atrit
- + Òtopedi
- + Podyatri
- + Sèvis pou Pèdi Pwa
- + Gastroanteroloji
- + Chiriji Jeneral
- + Zòrèy, Nen, ak Gòj (ENT)
- + Sante Fanm ak Swen Prenatal
- + Swen pou Zye

Sante Konpòtmantal ak Itilizasyon Sibstans

- + Jwenn aksè nan yon seri sèvis sante mantal Souvan trete depresyon, anksyete ak lòt pwoblèm sante mantal yo.
- + Jwenn referans ak bon espesyalis sante mantal, travayè sosyal, terapis oswa sikyat.
- + Jwenn tretman ak sipò pou adiksyon ak twoub nan itilizasyon dwòg yo.

Medikaman ki Pa Chè

- + Jwenn medikaman ki preskri nan yon pri ki pa chè nan famasi NYC Health + Hospitals yo avèk yon aksè nan famasi siplemantè ak lè fonksyònman pwolonje, ki gen ladan l apremidi semèn yo ak wikenn.
- + Fè kòmand renouvèlman preskripsyon yo sou entènèt.

Pou w
jwenn plis
enfòmasyon epi
pou w enskri, rele
1-646-NYC-CARE
1-646-692-2273

Nou garanti pwoteksyon vi prive ak konfidansyalite. Enskripsyón nan NYC Care pa reprezante yon risk daprè règ sou 'chaj publik' la.

Kesyon yo Poze Souvan (Kesyon/Repons)

Kisa ki NYC Care a?

NYC Care se yon pwogram manm ke NYC Health + Hospitals ofri, ki ba w aksè nan doktè prensipal ou ak anpil sèvis gratis osinon ki pa chè, sa ki gen ladan I vizit kay espesyalis yo, medikaman a bon pri ak askè nan sèvis kliyantèl la 24 sou 24 / 7 jou sou 7.

Kouman m ap fè kalifye pou NYC Care?

Fòk ou te abite nan NYC pandan sis (6) mwa oswa plis epi w pa dwe elijib pou plan asirans sante abòdab leta yo ki disponib nan Eta New York. Ou kapab kalifye tou si w pa anmezi pou w peye asirans sante ki baze sou estanda federal yo. Pou w detèmine si w elijib, rele 1-646-NYC-CARE (1-646-692-2273) jodi a.

Konbyen m ap gen pou m peye pou sèvis yo?

W ap peye selon sa w kapab peye. Frè rabè yo detèmine dapre gwochè fanmi w ak revni w, epi yo kòmanse apati \$0. Pa gen okenn frè pou w enskri, frè mansyèl, oswa prim. Pou plis enfòmasyon, tanpri ale nan **nyccare.nyc** pou w wè tablo tarif nou an.

Ki kote m ap ka jwenn sèvis sante yo?

Antanke yon manm nan NYC Care, w ap jwenn aksè nan sant sante NYC Health + Hospitals nan kominate w la. Pou jwenn adrès sit yo, vizite nyccare.nyc.

Èske vi prive m ap pwoteje?

Pwofesyonèl swen sante ki nan NYC Health + Hospitals yo angaje pou yo kenbe enfòmasyon sante pèsonèl ak sitiyasyon imigrasyon w yo konfidansyèl. Pa pè chache swen. Enskri nan NYC Care jodi a.

Kouman mwen ka jwenn plis enfòmasyon epi enskri nan NYC Care?

Rele 1-646-NYC-CARE (1-646-692-2273). Ou kapab al gade nan **nyccare.nyc** pou w jwenn plis enfòmasyon.

Nou pale menm lang avèk ou!

Pou w
jwenn plis
enfòmasyon epi
pou w enskri, rele
1-646-NYC-CARE
1-646-692-2273

Nou garanti pwoteksyon vi prive ak konfidansyalite. Enskripsyon nan NYC Care pa reprezante yon risk dapre règ sou 'chaj publik' la.